



Pou Piblikasyon Imedya: 28/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GAYAN KONPETISYON DEFI KONSÈY
DEVLOPMAN EKONOMIK REJYONAL 30 MILYON DOLA**

ReDC Long Island, Mohawk Valley ak North Country yo pral resevwa jiska 10 milyon dola pou mete an vigè nouvo plan estratejik solid pou lavni

Li rantre nan kad Faz XIII Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Long Island, Mohawk Valley ak North Country kòm ganyan Konpetisyon Defi Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) 2023 ki koute 30 milyon dola. Antanke ganyan konpetisyon ane sa a, REDC nan Long Island, Mohawk Valley, ak North Country pral resevwa 10 milyon dola nan prim pwojè pou aplike pwopozisyon solid pou adrese kriz lojman an ak ranfòse efò devlopman mendèv yo.

"Konpetisyon Defi REDC New York la se jis youn nan fason eta nou an ap ekipe lidè lokal yo pou transfòme kominote yo epi debloke potansyèl ekonomik yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ganyan ane sa a te kreye pwopozisyon pou kreye lojman, ogmante mendèv nou an, ak ranfòse filyè talan epi gras ak investisman eta a, REDC nan Long Island, Mohawk Valley ak North Country pral jwenn resous yo bezwen pou mete plan sa yo an aksyon."

Gouvènè Adjwen Antonio Delgado, ki se Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo, te deklare. "Konpetisyon Defi REDC 2023 a demontre fòs ak entèlijans kontinyèl REDC nou yo. Lè yo te resevwa responsablite pou yo pran pwoblèm ijan pou rejyon yo, yo te mete yo alawotè pou yo te kreye estrateji ki pral bay rezilta. Felisitasyon pou Long Island, Mohawk Valley ak North Country pou kandidati gayan yo ki konsantre sou devlopman mendèv ak lojman – tout Nouyòkè ap benefisye kòm rezilta."

Nan kad inisyativ Faz XIII REDC la, chak nan 10 REDC New York yo te idantifye estrateji ak apwòch konkrè pou adrese youn nan sèt defi yo te rankontre atravè eta a: mendèv, lojman, popilasyon ak retansyon talan, delabreman, touris, ekite, ak dirabillite ak enèji pwòp. Pwopozisyon gayan yo gen ladan:

- **[Plan](#) Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Long Island lan** pou adrese yon mank lojman rezidansyèl nan Long Island. Pwogram Long Island Forward yo

pwopoze a ap chèche ankouraje minisipalite lokal yo pou yo kreye sit "pare pou demare" atravè ankourajman sibler pou adrese pwoblèm sa a nan yon fason mezirab.

- **Plan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mohawk Valley** a pou satisfè demann k ap grandi nan rejyon an pou aktivite touristik, agro-biznis, ak endistri ki gwo entansite STEM, pandan l ap priyorize efò li yo pou elimine baryè fas ak travay. Konsèy la te idantifye 12 pwojè kataliz pou elaji pwogram ki fè siksè atravè rejyon an, ki gen ladan pwogram etabli tankou pwogram Mikwo-akreditasyon Enstiti pou Vitalite (Micro-Credentialing Institute for Rural Vitality), pwogram Fast Track Kolèj Kominotè Mohawk Valley (Mohawk Valley Community College), ak Konesyon Bousdetid Hillside Work la. Pwopozisyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mohawk Valley a gen ladan tou plizyè pwojè ki gen yon kapasite inik pou angaje elèv yo nan yon laj ki pi piti epi ouvri pòt pou yon popilasyon ki gen laj pou travay ki vin deplizanpli divès, ansanm ak pwojè ki pwepare pou elimine baryè travay pou moun ki andikape yo.
- **Plan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country** a pou pwofite avantaj mendèv rejyonal inik nan rejyon an – Fort Drum, pi gwo anplwayè nan yon sèl sit nan New York la. Atravè yon inisyativ ki rele Next Move NY, REDC North Country a vize pou ranpli twou vid ki genyen nan mendèv rejyon an pandan 10 pwochen ane yo lè li kenbe sòlda ki an tranzisyon yo ak konjwen yo.

Se Ekip Evalyasyon Estratejik Aplikasyon an ki te evalye dis pwopozisyon yo, ki te dirije pa Sekretè Deta a. Lòt manm yo enkli Komisè ki soti nan Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture & Markets, AGM), Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSEERDA), Depatman Travay (Department of Labor, DOL), Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral (Department of Environmental Conservation, DEC), Kòporasyon Kanal (Canal Corporation), Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) ansanm ak Senatè Monica R. Martinez ak Senatè Sean M. Ryan.

Sekretè Deta Eta New York la, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Konpetisyon defi REDC 2023 a ap chèche katalize devlopman ak kwasans ekonomik nan Eta New York. Yo te chwazi twa rejyon nan gwo eta nou an ak divès jewografik pou atake defi ki pi ijan nan kominote pa yo. Mwen felisite Long Island, Mohawk Valley, ak North Country pou soumisyon pa yo ki genyen prim. Ak yon konsantrasyon sou lojman, devlopman mendèv, ak aktivite touristik, envestisman estratejik sa yo pral ranfòse vizyon ekonomik kominote yo."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Aleje defi ki pi ijan New York ap ede grandi ekonomi eta a epi asire yon avni dirab. Rejyon Long Island, Mohawk Valley ak North Country yo te kreye plan estratejik enpresyonan ki anrasinen nan zòn yo, ki pral kreye aksè enpòtan nan fòmasyon travay ak kay kote Nouyòkè ka ankre epi devlope lavi yo ak karyè yo."

Inisyativ REDC la te bay plis pase 7.9 milya dola pou plis pase 9,900 pwojè depi

kreyasyon li an 2011. Atravè dis REDC yo, kominote yo, biznis yo, lidè akademik yo, ak manm piblik yo mete konesans inik yo ak konpreyansyon yo genyen sou priorite lokal yo ak resous pou travay pou bay devlopman ekonomik kolaboratif, ki baze sou kominote atravè Eta New York.

Ane sa a Konsèy Rejyonal yo te revize epi mete ajou plan estratejik pa yo, ki idantifye yon vizyon ekonomik pou lavni rejyon an epi devlope estrateji pou pwofite avantaj rejyonal kle yo. Plan estratejik Konsèy yo etabli priorite pou rejyon an epi idantifye opòtinite pou avanse endistri kle yo. Yo pral kontinye enfòme rekòmandasyon finansman yo epi sèvi kòm fondasyon k ap gide desizyon yo epi sipòte kwasans chak rejyon yo. Ou ka revize plan ki ajou sou sit wèb chak rejyon yo, ke yo ka aksede [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)